

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Indonesia mangrupa nagara anu beunghar ku rupa-rupa kabudayaan. Mekarna éta kabudayaan téh teu leupas tina peran masarakatna sorangan. Kabudayaan di Indonesia bakal terus mekar lamun masarakatna sadar kana pentingna kabudayaan. Dina émprona teu sakabéh masarakat sadar kana éta hal. Maranéhna ukur bisa pipilueun, tapi teu apal maksud jeung tujuanna (Raga, 2007:18).

Kabudayaan mangrupa kabiasaan nu dipiboga ku hiji masarakat anu tangtu, sarta diturunkeun sacara turun-tumurun. Kabudayaan ogé miboga unsur-unsur nu mangaruhan di jerona. Koentjaraningrat (1985: 2), nétélakeun yén sacara *universal* kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya nu di dunya nya éta: 1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan, 2) sistem jeung organisasi kamasarakatan, 3) sistem pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem téknologi.

Ayana budaya lantaran aya masarakat di jerona. Kabudayaan mangrupa hasil tina pamikiran manusa. Hal ieu katitén tina wangenan kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat (1985: 9), nya éta:

*“Kebudayaan berasal dari kata Sansakerta “buddhayah” ialah bentuk jamak dari “budhi” yang berarti” budi” atau “akal”. Demikian kebudayaan itu dapat diartikan hal-hal yang bersangkutan dengan budi dan akal. Kebudayaan diartikan sebagai keseluruhan gagasan dan karya manusia, yang harus dibiasakannya dengan belajar, beserta keseluruhan dari hasil budi dan karyanya itu.”*

Wangenan kabudayaan nurutkeun Bakker (1984: 22) nya éta *penciptaan, penertiban, dan pengolahan nilai-nilai insani*. Ditilik tina sawangan sosiologis, kabudayaan téh miboga harti nu lega, ngawengku sakabéh hasil tina cipta, rasa, karsa jeung karya manusa. Wangunna mangrupa materil jeung nonmatérial. Anu dimaksud budaya matérial nya éta hasil cipta, rasa, jeung karsa manusa anu katempo hasilna, jeung katempo bungkeuleukanana, contona waé wangunan,

jalan, imah adat, upacara adat, jrrd. Sedengkeun anu dimaksud budaya nonmatérial nya éta hasil cipta, rasa, karya jeung karsa manusa anu euweuh bungkeuleukan wujudna, contona adat-istiadat, pangaweruh, ajén-inajén kapercayaan, jrrd (Raga, 2007: 28).

Koentjaraningrat (1985: 5) nyebutkeun yén kabudayaan boga tilu wujud, nya éta: 1) wujud kabudayaan nu mangrupa idé-idé, gagasan, ajén-ajén, norma-norma, aturan jeung réa-réa deui, 2) wujud kabudayaan nu mangrupa kalakuan manusa di masarakat, 3) kabudayaan nu mangrupa barang-barang hasil karya manusa. Wujud kabudayaan nu kahiji, nya éta idé nu sipatna abstrak, ayana ngan dina uteuk, pikiran jeung omongan wungkul. Ieu wujud bisa katitén dina kahirupan masarakat, saperti ayana adat-istiadat, tata-kalakuan jeung bisa ogé katitén dina wangun karya sastra nu geus dibukukeun. Wujud nu kadua, nya éta sistem sosial nu sipatna kongkrit. Ieu hal katitén tina kalakuan jeung aktivitas manusa nu hirup di éta tempat. Wujud nu katilu, nya éta kabudayaan fisik nu sipatna kongkrit saperti batik, waditra, iket, jrrd.

Kasénian mangrupa salasahiji unsur kabudayaan *universal*. Nurutkeun Raga (2007: 38), kasénian mangrupa alat pikeun ngungkapkeun idé-idé, ajén-inajén, cita-cita, jeung perasaan. Kasénian nu tumuwuh jeung mekar di masarakat sipatna *sosio-réligius*. Hartina, kasénian teu bisa dipisahkeun jeung kahirupan sosial sarta kapentingan nu aya patalina jeung kapercayaan atawa kayakinan masarakat (Sujarno spk, 2003: 13). Kasénian mangrupa hasil pamikiran, warisan kolot, jeung carita-carita rahayat nu sipatna éndah. Di jerona moal leupas tina kabutuhan jeung kahirupan masarakat, sabab tumuwuhna kasénian gumantung kana masarakat salaku nu nyiptakeunana jeung pihak anu milu ngarojong kana éta kasénian (seniman).

Kasénian raket pisan patalina jeung kapercayaan. Kapercayaan nu tumuwuh di masarakat mangrupa warisan ti para karuhun. Di masarakat baheula, fungsi kasénian umumna mangrupa média ritual. Ritual anu aya di masarakat contona ngabungbang pusaka, hajat lembur, upacara mapag cai, upacara ngawinkeun cai, jrrd. Aya sababaraha waditra anu sok dipaké dina éta ritual, nya éta gembyung, toléat, tarawangsa, jrrd. Ku lantaran pikeun nyaluyukeun jeung

pajamanan, éta waditra teu ngan saukur dipintonkeun dina acara ritual wungkul, tapi mekar jadi pintonan. Ieu hal lantaran loba masarakat nu hayang mintonkeun éta kasenian saperti dina acara kawinan, ékah, *peresmian* acara/kagiatan, jrrd. Biasana lalaguanana ogé maké lagu-lagu kaayeunakeun atawa dimodifikasi ku cara ditambahan (*kolaborasi*) jeung waditra séjén saperti kendang, goong, toléat, jrrd. Di Jawa Barat, hususna di Kabupatén Subang aya kasenian tradisional nu masih dimumulé tur dipintonkeun, saperti toléat, sisingaan, topéng jati (topéng ménor), gembyung, jeung réa-réa deui.

Gembyung mangrupa salasihiji kasenian tradisional nu masih aya tur masih dipintonkeun di Kabupatén Subang. Ieu kasenian miboga pungsi pikeun ritual jeung pintonan. Kasenian gembyung asalna tina kecap *gem* jeung *jung*. *Gem* asalna tina ageman nu hartina ajaran, pedoman, atawa paham nu dianut ku manusa. Kecap *byung* asalna tina kecap *kabiruyungan* nu hartina pasti kudu dilaksanakeun. Gembyung mimiti mekar dina mangsa sumebarna agama Islam. Harita, gembyung dipintonkeun ku santri-santri nu dipingpin ku sesepuh pasantrén (Hendarsah spk, 2008: 13).

Waditra nu dipaké dina kasenian gembyung nya éta terebang. Kasenian gembyung mintonkeun sora musik tradisional tur sakral. Ieu hal lantaran pikeun ngajaga kaaslian seni tradisi nu diwariskeun ku karuhun. Ku kituna, ieu kasenian miboga fungsi pikeun ritual (*ceremonial*) jeung pintonan. Gembyung ogé miboga ajén-inajén nu dijadikeun papagon hirup, saperti ajén moral, agama, sosial, jeung éstétika. Kasenian gembyung dirojong ku sababaraha unsur seni, nya éta seni tari, seni sora, seni musik, jeung seni rupa anu gumulung jadi karya seni tradisional tur teu leupas tina ajén-inajén kasundaan nu némbongkeun kaéndahan (éstétika).

Nurutkeun Djelantik (1999: 9), élmu éstétika nya éta élmu nu medar ngeunaan kaéndahan, maluruh sakabéh aspék nu disebut kaéndahan. Sedengkeun nurutkeun Sumardjo (2000: 33), éstétika nya éta filsafat ngeunaan kaéndahan anu aya di alam jeung dina rupa-rupa barang seni hasil karya manusa.

Asupna budaya deungeun kana kahirupan masarakat kiwari saeutik-gedéna bakal mangaruhan ogé kana kahirupan masarakat. Kabudayaan deungeun nu aya di Indonesia contona kadaharan, pakéan, cara gaul jeung masarakat, basa, jeung

kasenian. Ku kituna, ayana jaman modérn jeung globalisasi tangtu mangaruhan pisan kana robahna jaman.

Robahna jaman kana jaman globalisasi mangaruhan kana mekarna kasenian tradisional. Kasenian tradisional Indonesia geus ngésér, kagésér ku kasenian deungeun. Ieu hal téh lantaran mekarna téhnologi jeung alat komunikasi saperti komputer, internét, jeung *handphone* geus ngarobah pola pikir jeung pola kalakuan para nonoman kana kasenian deungeun. Kiwari para nonoman leuwih ngarasa ningkat géngsina lantaran ngawih maké basa deungeun ti batan ngawih maké basa daérah, leuwih ningkat géngsina lamun diajar kasenian deungeun saperti *break dance* ti batan diajar kasenian tradisional saperti gembyung. Ieu hal téh balukar tina kurangna pangaweruh, minat, jeung aprésiasi hususna kana widang kasenian. Ku kituna, perlu ayana tarékah pikeun ngadokuméntasikeun, ngamumulé, ngariksa, ngaraksa kasenian atawa kabudayaan Sunda sangkan teu kaeréh ku budaya modérn. Sangkan nonoman Sunda apal kana kasenian gembyung, ieu informasi perlu ditepikeun ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Pangaweruh ngeunaan kabudayaan teu dicangking ti masarakat wungkul tapi bisa ogé di sakola (lembaga formal). Élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan bisa dicangking ku barudak tina mata pelajaran nu diajarkeun di sakola, contona pangajaran basa Sunda.

Pangajaran ngeunaan kabudayaan Sunda geus aya dina SKKD pangajaran basa Sunda. Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) mata pelajaran Basa jeung Sastra Sunda nurutkeun Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2006: 23) mangrupa program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep nu hadé kana basa jeung sastra Sunda. Dina SKKD mata pelajaran Basa jeung sastra Sunda kelas XII SMA/SMK/MA, aya maca artikel ngeunaan budaya. Ku kituna, pangaweruh ngeunaan kabudayaan bisa dicangking tina maca artikel kabudayaan Sunda.

Hasil panalungtikan ngeunaan Gembyung kawilang loba, di antarana: (1) *Seni Tradisi Gembyung di Kampung Banceuy Kabupaten Subang 1975-1999 (Suatu Kajian Historis Terhadap Sosial Budaya Masyarakat)* ku Iis Melda Rosalina (2011), (2) *Kesenian Gembyung pada Acara Khitanan di Kampung*

*Karoya Desa Sandingtaman Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis* ku Indra Jaya (2010), (3) *Fungsi Kesenian Gembyung Pusaka Mekar Desa Sekarwangi Kecamatan Buah Dua Kabupaten Sumedang dari Sajian Upacara ke Hiburan* ku Wulan Chandra Fertamawati (2010), jeung (4) *Peran Dukun Tari dalam Kesenian Gembyung pada Upacara Riwatan Kampung di Dusun Bangbanyang Desa Padasari Kecamatan Cimalakama Kabupaten Sumedang* ku Siska Fitriani (2012).

Panalungtikan ngeunaan kasenian gembyung dilaksanakeun di kabupatén Subang, lantaran para nonoman hususna para nonoman di kabupatén Subang geus teu apal kana kasenian gembyung jeung geus méh leungit, ku kituna perlu saganancangna didokuméntasikeun. Dumasar ieu panalungtikan dipiharep para nonoman bisa numuwuhkeun deui rasa reueus kana kasenian gembyung jeung bisa ngaraksa tur ngariksa tradisi karuhun sangkan teu leungit. Iwal ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh pikeun nu nalungtik, umumna pikeun masarakat.

Ieu panalungtikan diwatesanan ngan ukur nalungtik ajén éstétika dina kasenian gembyung wungkul. Pikeun ngajembaran panalungtikan ngeunaan ajén éstétika dina kasenian gembyung, kukituna diayakeun panalungtikan anu dijudulan “Ajén Éstétis Kasenian Gembyung di Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Kasenian gembyung boga unsur-unsur seni anu jembar pisan. Ditilik tina filsafat, agama, moral, sosial jeung éstétika. Sangkan teu méngpar tina objék nu ditalungtik, ieu panalungtikan téh baris museur kana ajén éstétis nu ngawengku asal-muasal, unsur-unsur seni, prak-prakan, ajén éstétis nu nyampak dina kasenian gembyung jeung ajén éstétis kasenian gembyung dipatalikeun jeung pangajaran.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan, nya éta:

- 1) Kumaha asal-muasal ayana kasenian gembyung?
- 2) Unsur-unsur seni naon waé nu aya dina kasenian gembyung?
- 3) Kumaha prak-prakan pintonan kasenian gembyung?
- 4) Kumaha ajén éstétis nu nyampak dina kasenian gembyung di Kabupatén Subang?
- 5) Bahan pangajaran maca nu kumaha anu cocog dipaké di SMA kelas XII ngeunaan ajén éstétis kasenian gembyung?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nya éta pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa kabudayaan jeung kasenian nu aya di masarakat Indonesia.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Asal-muasal ayana kasenian gembyung di Kabupatén Subang;
- 2) Unsur-unsur seni nu aya dina kasenian gembyung di Kabupatén Subang;
- 3) Prak-prakan pintonan kasenian gembyung di Kabupatén Subang;
- 4) Ajén éstétis nu nyampak dina kasenian gembyung di Kabupatén Subang;
- 5) Rarancang bahan pangajaran maca di SMA kelas XII ngeunaan ajén éstétis kasenian gembyung.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh ngeunaan paélmuan budaya Sunda, boh pikeun aprésiasi budaya boh pikeun bahan pangajaran. Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nyangking gemblengan jeung fungsi nu nyangkaruk dina kasenian gembyung.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh. Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan wisata kabudayaan, ngamumulé budaya lokal sangkan dipikawanoh deui ku masarakat séjén, jeung pikeun *inventarisir* budaya utamana dina widang kasenian.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga nulis dina ieu skripsi, nya éta:

- 1) BAB 1: Bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah anu ditalungtik.
- 2) BAB II: Kajian tiori. Dina ieu bab, dipedar ngeunaan tiori éstétika, kasenian gembyung, jeung bahan pangajaran maca.
- 3) BAB III: Méthode panalungtikan ngabahas ngeunaan sumber data, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.
- 4) BAB IV: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan.
- 5) BAB V: Kacindekan jeung Saran.